

Kit w ap jwe, oswa pran foto, oswa pwonmennen sou entènèt, nou vle ou anmize w byen, epi pou ou an sekirite sou tout aparèy w ap sèvi yo!



stop · block · talk



Si yon moun mande w yon kesyon pèsonnèl tankou ki kote ou rete – **KANPE**. Si yon moun mande w yon foto ou, oswa di ou fè yon videyo tèt ou pou voye ba li – **KANPE**. Si yon moun ap fè malelve, oswa di yon bagay mechan, oswa joure ou – **KANPE**. Pa reponn moun lan, ni pa kòmanse joure li. Epi si ou santi ou menm w ap vin mechan avèk yon moun – **KANPE**.




Si w ap jwe yon jwèt oubyen w ap fè yon konvèsasyon avèk yon moun k ap kontinye poze w menm kesyon ou pa vle reponn yo – **BLOKE**. Si w ap jwe yon jwèt oubyen w ap fè yon konvèsasyon avèk yon moun epi l ap fè w an kòlè, oubyen chagren, oubyen pa alèz – **BLOKE**. Si w ap jwe yon jwèt oubyen w ap fè yon konvèsasyon avèk yon moun epi l ap fè w an kòlè, oubyen chagren, oubyen pa alèz – **BLOKE**. **Ou pa jann bezwen santi ou antò si ou bloke yon moun k ap fè bagay sa yo.**



Ou pa jann bezwen santi ou antò si ou bloke yon moun k ap fè bagay sa yo – **PALE** avèk yon moun ou fè konfyans. Si ou pa konnen kisa pou ou fè – **PALE** avèk yon zanmi oswa yon moun majè ou fè konfyans. Epi si ou gen tèt chaje paske yon zanmi w ap fè yon bagay ki gen danje ladan – **PALE** sou sa avèk yon moun ou fè konfyans.



**KANPE, BLOKE, PALE se yon pwogram
Rachael Rollins, Avoka Distrik
pou Konte Suffolk**

www.suffolkdistrictattorney.com
617-619-4000 | @StopBlockTalk 



www.suffolkcac.org
617-779-2146